

# Mache Agrikòl nan Somerville

## Mache Agrikòl nan Somerville (Jiyè - Oktob)

- 1** Nan Clarendon Hill Towers - ki nan 1372 Broadway  
Jedi 4:00 PM - 6:00 PM
- 2** Man Council on Aging/ SCALE - ki nan 167 Holland St.  
Chak Vandredi a 10:30 AM - 12:30 PM
- 3** Nan Biblyotèk Piblik Somerville ki nan East Branch - 115 Broadway  
Chak Vanderdi a 2:30 PM - 4:30 PM
- 4** Nan Mystic Housing Development - ki nan 25B Memorial Rd.  
Chak Samdi a 10:00 AM - 12:00 PM

## Mache Agrikòl nan Union Square (Me - Oktob)

- 5** Nan Union Square - ki nan 66-70 Union Square  
Chak Samdi a 9:00 AM - 1:00 PM

## Mache Agrikòl nan sezon Ivè (Novanm - Avril)

- 6** Nan Arts at the Armory - ki nan 191 Highland Avenue  
Chak Samdi a 9:30AM - 1:30PM

## Mache Agrikòl nan Davis Square (Me - Novanm)


- 7** Plas la a kote Davis Square Plaza - ki nan 44 Day Street  
Chak Mekredi a 12:00 PM - 6:00 PM

# Kijan m ka itilize avantaj yo pou m achte nan yon farmers makèt nan Somerville?

Ou gen SNAP? Jwenn tout avantaj posib atravè Pwogram Ensitasyon pou Lasante (HIP) nan Massachusetts ak SNAP match nan Somerville.

## Kisa ki HIP?

Massachusetts bay chak kay ki gen SNAP kòb anplis pou achte fwi ak legim nan *nepòt* farmers makèt!



**Konbyen w genyen?** Fanmi ki gen 1-2 moun gen \$40, 3-5 gen \$60, epi 6+ gen \$80 pa mwa.

**Kisa w ka achte?** Ou ka itilize HIP pou fwi ak legim oswa gress fwi ak legim oswa semans. Ou pa ka achte fwi ak legim ki gen engredyan yo ajoute tankou konfiti oswa sòs.

**Kijan ou itilize I?** Ou dwe gen lajan SNAP sou kat EBT ou genyen an pou w sèvi ak HIP a, san w pa depanse lajan SNAP ou a. Pase kat EBT ou genyen an pou w achte atik ki elijib nan HIP yo. Lajan an ap ranbouse menm kote a sou balans SNAP ou a, e ou ka wè sa sou resi w la.

**Ou ta renmen aprann plis? Skane kòd QR ki pi ba a pou yon vidyeo oswa tcheke mass.gov/hip.**

## Kisa ki SNAP Match la?

Somerville sipòte yon SNAP match pou fanmi ki gen SNAP pou gen jiska 2 fwa pou chak dola SNAP ou depanse nan farmers makèt.



**Ki kote?** Ou ka itilize SNAP Match Somerville la nan Davis, Union, ak Winter farmers makèt!

**Konbyen w genyen?** Market sa yo ofri \$1 pou \$1 jiska \$15 pa semèn.

**Kisa w ka achte?** Ou ka achte nepòt manje ki elijib pou SNAP nan makèt la.

**Kijan ou itilize I?** Pase kot stann manadjè makèt yo pou w pase kat EBT ou genyen an pou jiska \$15. Y ap ba w jiska \$30 koupon pou w depanse nan makèt la.



Ou gen plis kesyon sou HIP?

Skane kòd QR la pou yon vidyeo  
ki bay eksplikasyon!

